

# Angajman pou n bay swen an tout sekirite

---




## Nou fè depistaj pou n pwoteje w, pwoteje fanmi w ak anplwaye nou yo

- Nou fè depistaj sentòm toulejou pou tout anplwaye yo. Kèlkeswa moun ki gen sentòm ki montre li posib ke li gen sentòm maladi respiratwa, nou p ap pèmèt li vin travay toutotan li pa refè.
- Nou fè depistaj sentòm pou vizitè ki vini nan lopital ak nan klinik doktè nou yo. Nou entèdi kèlkeswa vizitè ki gen sentòm pou yo antre nan lopital oswa nan klinik doktè nou yo.
- Nou fè tès ak depistaj pou COVID-19 pou pasyan yo.
  - o Nou fè tès COVID-19 pou pasyan ki entène lopital nou yo anvan menm nou admèt yo, epi apres a nou fè depistaj pou sentòm yo chak jou yo pase nan lopital la.
  - o Nou fè depistaj pou sentòm pou pasyan ki vini sou kanpis lopital ak nan klinik doktè nou yo pou randevou konsiltasyon yo anvan menm yo vini pou konsiltasyon yo epi lè yo vini, nou fè l ankò. Si pasyan yo gen sentòm, nou trete yo pandan yon sesyon vizit vityèl sou entènèt oswa nan seksyon ki rezève kote nou itilize ekipman pwoteksyon endividyèl (personal protective equipment, PPE) selon rekòmandasyon Sant pou Kontwòl Maladi (Centers for Disease Control) bay pou kanpe pwopagasyon viris COVID-19 la.
  - o Pou lokal san randevou yo, nou respekte pi bon pratik pwotokòl sekirite yo nan anviwònman sa yo.
  - o Lè n ap bay swen nan kay, nou fè depistaj pou sentòm pou pasyan yo anvan vizit la.



## Nou netwaye men nou epi nou netwaye tout kote nou pase, epi nou ba w mwayen pou fè sa tou fasilman

- Nou ogmante kantite fwa nou netwaye ak entansite netwayaj yo tout kote nou manyen anpil yo, toupatou nan etablisman an.
- Nou egzije pou moun netwaye men yo souvan epi nou ajoute estasyon ki gen dezenfektan pou men, konsa pasyan ak anplwaye yo ka netwaye men yo fasilman epi souvan.
- Nou swiv direktiv espesyal pou prevansyon enfeksyon pou swen nou bay nan kay pou pwoteje pasyan nou yo ak anplwaye nou yo.



## Nou pwoteje tout moun ki nan etablisman nou yo

- Nou egzije pou tout moun nan etablisman an—anplwaye, pasyan ak vizitè yo — nan etablisman nou yo pou yo mete yon mask.
- Nou re-òganize espas yo pou n fasilite distans sosyal ak anpeche moun transmèt enfeksyon; pou n te fè sa, nou wete chèz yo nan saldatant yo, epi nou mete baryè pleksiglas nan zòn moun konn itilize anpil yo.
- Nou limite kantite vizitè ki vin nan lopital la ak nan klinik yo.
- Nou mete mask epi nou respekte direktiv distans sosyal yo lè nou bay swen nan kay.